



Pou Piblikasyon Imedya: 15/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO SOU PASAJ GENDA

“Nan yon moman kote gouvènman federal la ap fè tout sa li kapab pou li defèt dwa transkesyèl Ameriken te rive genyen nan difikilte, Eta New York la yon lòt fwa ankò kanpe pou egalite total ak pwoteksyon egal anba lalwa. Nou te premye eta nan nasyon an ki te pibliye regleman ki entèdi asèlman ak diskriminasyon ki baze sou idantite seksyèl ak ekspresyon l, epi kontinye goumen kont atak malonèt administrasyon federal sa a kont moun transeksyèl. Sa a se yon kesyon ki lye a jistis debaz, epi jodi a make yon jou istorik pou moun ki nan kominote LGBTQ a ki te goumen san pran souf pou pasaj lwa sa a. Mwen aplodi Lejislati a paske li te aji rapidman pou pase eleman vital sa a nan Pwogram Jistis nou an.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)